



## **12 janvye 2021: Mesaj Anbasad Repiblik Ayiti nan Kanada**

12 janvye 2021, sa fè plis pase onz lane depi lavi pèp ayisyen an chanje pou toutan. 35 segond pat twò piti pou detwi kapital la ak lòt vil tou prè yo epi touye yon santèn milye moun tèlman tè a te tranble ak raj jou sa. Konsa tou, dat 12 janvye 2010 la te voye yon imaj peyi ki gen ladann gason ak fanm vanyan, yon nasyon ki fè yon sèl epi ki byen soude youn ak lòt.

Sa fè kat lane depi Gouvènman pran dekrè pou 12 janvye tounen yon « Jounen nasyonal refleksyon ak sansibilizasyon sou jan Ayiti frajil nan pwoblèm risk ak dezaz ». Nan okazyon sa, li enpòtan pou tout sektè nan lavi nasyonal la ak nan dyaspora a evalye pwòp tèt yo pou yo ka jwenn bon jan mekanism nan objektif pou ede peyi a afwonte katastwòf natirèl ki ka rive nenpòt ki lè.

Ane sa a, pèsònèl anbasad la, manm kominote ayisyèn nan, ak zanmi Ayiti yo pap ka rasanble pou nou pase yon moman nan rekèyman ak boukante lapawòl sou avni peyi a jan sa ta dwe ye. Men, malgre nou nan konfinman, lwen youn lòt, nou ap envite nou pran yon minit silans a 4è: 53 nan lide pou nou make dat sa ki ret grave nan kè ak memwa nou.

**85, rue Albert, bureau 1110, Ottawa (Ontario) K1P 6A4  
Tel: (613) 238-1628 Courriel: [info@ambassade-haiti.ca](mailto:info@ambassade-haiti.ca)**